

SS.7.C.3.14

Distenge ant obligasyon ak sèvis gouvènman lokal la, eta a, ak federal la

SS.7.C.3.14 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1: Elèv yo ap evalye senaryo pou detèmine ki nivo nan gouvènman an ki bay sèvis espesifik.

Depann de ki pwoblèm oswa tèt chanje yon sitwayen genyen, sitwayen an dwe konnen ki nivo nan gouvènman an ki ka ede l rezoud pwoblèm lan. Revize senaryo yo anba a pou deside ki nivo nan gouvènman an ki ta rezoud pwoblèm lan pi byen.

1. Ou reveye an reta pou al lekòl paske revey ou pat sonnen! Ou reyalize ke revey ou pat sonnen paske yo te pran kouran an. Ki nivo nan gouvènman an ou tap kontakte pou rezoud pwoblèm sa a?

(**Gouvènman lokal la**, paske se gouvènman nan nivo vil la ak distri a ki bay elektrisite ak lòt sèvis piblik pou moun kap viv nan zòn lan.)

2. Ou te brote soti Casper nan Eta Wyoming pou w ale Tallahassee nan Eta Florid, epi ou bezwen fè lisans pou kondwi. Ki nivo nan gouvènman an ou tap kontakte pou rezoud pwoblèm sa a?

(**Gouvènman Eta a**, paske se eta a ki bay lisans pou kondwi kote yon sitwayen ap viv lan. Chak distri gen yon biwo ke eta a kontwole ki ka ede ak lisans pou kondwi.)

3. Ou te sèvi nan Lame peyi Etazini an pou ywit an e wap planifye pou w ale nan kolèj sou G.I. Bill la (yon bousdetid kolèj ke gouvènman an ofri pou veteran militè yo). Ki nivo nan gouvènman an ou tap kontakte pou rezoud pwoblèm sa a?

(**Gouvènman Federal la**, paske se gouvènman federal la ki anchaj pou zafè veteran ak lame a.)

gouvènman eta : Gouvènman nan chak eta

gouvènman federal – gouvènman nan nivo nasyonal la; gouvènman nan peyi Etazini

gouvènman lokal – gouvènman yon minisipalite (vil) oswa distri a